



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL CORTLAND KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA  
NAN REJYON NEW YORK SANTRAL NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV  
REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon New York  
Santral lan pou Revitalize Anba Lavil Vil Cortland*

*Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou  
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la*

*Investisman an Konplemante Inisyativ “Central NY Rising” lan – ki se Estrateji  
Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Vil Cortland pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan New York Santral lan nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la a yo pou yo ranfòse ekonomi lokal la.

“New York ap kontinye envesti nan kominote nou yo pou atire pwochèn jenerasyon lidè yo epi favorize devlopman biznis yo nan anba lavil yo atravè eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral pote nouèl lavi nan anba lavil Cortland epi asiste nan transfòmasyon li an yon motè ekonomik pou tout rejyon an.”

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon New York Santral an (Central New York Regional Economic Development Council) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi konsidere tout ywit kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Cortland kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;

- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan investisman estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Cortland nan kad dezyèm faz DRI an bal dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta yo, pou kapab revitalize vwazinaj anba lavil li yo epi jenere nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm yo. Cortland rejwenn kounye a Vil Oswego, ki te venkè New York Santral nan premye faz DRI a.

**Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare,** “Eleman kle nan avni Cortland lan se yon anba lavil ki ap sèvi kòm yon santral kiltirèl, edikatif ak ekonomik pou New York Santral. Ak prèske 450 biznis ki nan yon 1 kilomèt de sant anba lavil lan ak plis pase 5,000 moun ki ap travay nan ak alantou nwayo biznis santral la, Cortland pare pou li vin yon faktè majè nan estrateji ‘Central NY Rising’ lan pou kwasans ekonomik nan rejyon sa.”

**Prezidan, Direktè Egzekitif ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral ankouraje avni ekonomik Cortland epi asiste nan devlopman distrik biznis anba lavil lan. Nan travay pou atire travay ak investisman prive yo, DRI a ap konstwi dinamis pou Cortland ak rejyon an, sa ki ap ede New York Santral leve.”

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare,** “Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral ede fòtifye anba lavil Cortland, ofri opòtinite pou kreyasyon travay ak kwasans ekonomik, pandan ke l’ap rann zòn lan pi vivab pou kenbe abitan ki deja la yo epi atire nouvo abitan yo tou. Depatman Eta a pral kontinye travay de prè ak kominote atravè Eta New York yo pou ede yo devlope vwazinaj ak anba lavil yo.”

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare,** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a ap ede pote nouvèl vi epi pote nouvèl opòtinite pou vil tankou Cortland lan yo, sa k’ap mete yo sou yon wout pwosperite. Investisman 10 milyon dola sa nan Cortland fè pati yon objektif estratejik pou eksplwate atou ekstrayòdinè anba lavil yo atravè eta a - sa ki ap ogmante aksè a

lojman, kreyasyon travay epi atire opòtinite rekreyatif ak kiltirèl yo, epi anrichi epi amelyore kalite lavi nan tout rejyon an.”

**Senatè James L. Seward te deklare**, “Devlopman ekonomik atravè rejyon nò Eta New York lan te resevwa anpil atansyon nan ane resan ki sot pase yo gras a angajman pataje Gouvènè Cuomo a ak pouvwa lejislatif la – epi benefis rapid sou investisman eta a yo pwometan. Vil Cortland se yon lidè nan renesans ekonomik rejyon nou an epi viktwa finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan se yon prèv de bon moun ak gwo potansyèl ki egziste isit la. Prim sa se yon investisman ki enpòtan anpil nan avni Cortland, epi mwen espere wè transfòmasyon iminan ki pral mennen plis nouvo biznis, travay, ak pi gwo opòtinite yo atravè rejyon an.”

**Manm Asanble Barbara Lifton te di**, “Li te egzaltan pou gade kwasans ki ap reyalize nan anba lavil Cortland, epi 10 milyon dola sibvansyon revitalizasyon anba lavil sa pral sèlman ogmante reyisit sa. Yo pral itilize finansman an pou sipòte pwojè devlopman yo ki ap ede transfòme anba lavil Cortland an yon santral amizman, èv atistik, ak ospitalite dinamik. Pandan ke ekonomi anba lavil yo ap kontinye santi presyon ki soti nan elan konsesyonè ki sou entènèt yo, Majorite Asanble a (Assembly Majority) wè li kòm yon priyorite pou investi nan ekonomi anba lavil yo tankou sa Cortland lan. Mwen kontan pou mwen sipòte finansman sa nan bidjè eta a, epi mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò pèmanan li pou revitalizasyon anba lavil lan atravè eta New York.”

“Se yon onè pou mwen aksepte prim sa nan non Vil Cortland”, **Majistra Vil Cortland, Brian Tobin te deklare**. “Nou pral pran opòtinite sa, epi jwenn patnè kominotè yo pou kapab elaji sou sa ke nou te deja akonpli yo. Mwen apresye gwo travay ki ap reyalize pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la, ak tout moun ki isit la nan Cortland ki konstaman ap travay pou asire ke Cortland ap kontinye rete yon gwo kote pou rele lakay yo. Nou gen lidèchip imans nan kominote nou an - men tou nou gen lidèchip ekstrayòdinè onivo Eta a. Mèsi a Gouvènè Cuomo pou sipò ak rekonesans li de sa ke nou ap reyalize onivo lokal, ak efò li yo pou bay nou mwayen pou kapab reyalize travay la.”

### **Cortland**

Revitalizasyon kominote nan Cortland ap avanse gras a plis pase 535 milyon dola nan nouvo investisman nan yon reyon 8 kilomèt anba lavil sou plis pase 10 ane ki sot pase yo, epi investisman adisyonèl yo ap vanse oswa pwograme pou kòmanse nan sis mwa. Anba lavil Cortland se nwayo distrik Biznis Santral lan epi li nan distans ke moun ka mache pou ale nan SUNY Cortland ak Tompkins Cortland Community College. Zòn lan konsiste an 450 biznis ki nan yon reyon twa ka kilomèt de sant anba lavil lan, ki ap anplwaye anviwon 5,100 moun ki ap fè zòn sa vin pi gwo anplwayè nan Konte Cortland.

Antan ke yon pòt prensipal pou alafwa New York Santral ak Finger Lakes, Vil Cortland se yon leman pou plizyè santèn milye touris chak ane. Li ap sèvi tou abitan konte yo ak etidyan SUNY Cortland yo antan ke zòn acha prensipal nan konte a, ki konsiste prensipalman de batiman komèsyal ak rezidansyèl miltifonksyon ki atache yo ki te konstwi nan fen 19yèm ak kòmansman 20yèm syèk yo. Tèren ke yo itilize aktyèlman pou pakin sifas yo te ka akomode nouvo devlopman, kreye yon anba lavil ki pi dans ak avantaj ekonomi ak enpo lokatif adisyonèl yo. Cortland ap imajine nouvo espas pou

aktivite kominotè ak lojman adisyonèl yo pou kapab akomode yon popilasyon rezidansyèl ak touristik ki ap elaji. Vil lan planifye gide redevlopman anba lavil li an atravè ekspansyon ekonomi kreyatif lan, kontwi yon vwazinaj anba lavil konplè, epi reyelabore enfrastrikti li yo pou 21yèm syèk lan.

Cortland pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan investisman estratejik pou Cortland lan pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou anba lavil lan epi ki pare pou yo reyalize. Plan Investisman Estratejik pou anba lavil Cortland pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

### **Akselere “Central NY Rising”**

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi pase 4.7 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou [www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative](http://www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative).

###